1.- ELEEW BU JOGE BITIM REEW

Nangeen def, manla Mamia, maangi si kalaas bu mujj bi si njàŋg mu warmi, bama ñëwee Espaañ léegi matna juróom benni at, maangi jogé si bërëbu dawlaqu yu Sahara sa dëkk bu ñuy wax Tinduuf. Maangii fattaliku sama bis bu njëkk si ekool bi (nopi)…. Keroog dama jaaxle ndax liñu doon wax lépp xawmasiwoon dara. Demoonnaa sa bërëbu diglékaayba, jox leen benn kayit buñu ma joxoon, bama fa jógée madem si bindkatu ekool bi mu joxma ay kayit yoo xamné sama baay mooci waroona bind, mooy kayit biñuy bindoo. Babama fa jógée ñu wanalema ak ki jiité njàŋgmi, ma daddi and ak moom wër ekoolbi, muy ekool bu réy wutée'k ekool bama doon jàŋge, mawaaru si tabax yu réyenii ak ay kalaas yu bareeni, fii kalaas buy def ñaarfukki nit ak ñett sama rëw lumu néewnéew dina def fanweer ak lu topp.

Ñu wanma bërëbu fowukaaybi, bu liirukaaybi, duusyi, ak kalaasyi, joxma yit waxtu yiñuy tambalee jàŋg ak waxtu yiñuy wacc muyamoo'k 8:30 ba 14:30. Wax dëgg keroog waarunaa. Bu jëkk bëggumawoon ñëw Espaañ waaye faw mañeme ndax samay waajur fii la ñu nekk. Wax dëgg bima eksee réccuwumako ndax nexna lool.

Lima dimbëlewoon ngir ma mëna wax ak yeneen elewyi mooy njàŋg español, muy lu mënul ñàkk ngir ma xam liñiy wax si kalaasbi ak itam ngir ma mën di jëflënte'k wa dëkkbi. Suma jàŋge ci suba gi ba nopi damay dem ci ngoon si meneen ngir gënë dëgërël sama español. Bima demee ba am fi ay at nak léegléeg madem léegléeg duma dem waaye nak lu baax la. Bookkna ci lilay dimbële ngir nga dégg español ngay seetaan tele, di wax ak nit ñi, waaye bu wax ji jubul bul jaaxle, nit ñi ngay waxal dinañ la jubënti, bul am kersa ci ñu jubëntila, dund gi noonula. Boo amul kulay jubënti do xam dara.
Bul jaaxle booy dégg misik, wala nit ñiy wax ci mbeddmi wala booy wax ak nit ñi xawma ndax yaangiixam liñiy wax wala déet waaye boofi yàgee tuuti rekk dina xam lépp luñ la wax. Bima deme ba yàgg fi laa tambale dimbale eleew yu bees yiy soga ñëw jogé sama dëkk. Damaleen doon tekkil baat yi, di leen xamaleek sama xarit yi ngir ñu baña am benn jaxle. Buñ demee ba mënë wax seen soxla nak daddi tànn seeni xarit yiñiy bëgg andal.